sanpidè yo pa fè anyen pou libere peyizan ayisyen ki esklav nan batèy yo pa fè anyen pou zòt sispann lage chen dèyè ayisyen ala mechan lidè n yo mechan lè yo kontinye kite pèp la grangou analfabèt epoutan l pa bèt ala kote gen lidè blofè sou latè lidè k merite vekse an laten lavoum alolavoum pou tout sa k met peyi a nan tyouboum lè ayiti te ayiti lè ayiti te ayiti yo te rele l *la perle des antilles* lè ayiti te ayiti yo te konn respekte ayisyen lè ayiti te ayiti reken yo pa t konn fete lè ayiti te ayiti ayisyen te ti prens aletranje lè ayiti te ayiti zòt te konn sezi yo pa t konn meprize n yo te konn respekte n lè nou al lòt bò dlo nou pa t konn pran ti bato pou al peri nan dlo tout kote n pase yo te konn bat bravo lè ayiti te ayiti ayiti cheri te bèl nègès li pa t mèg men l te gen ti grès lè ayiti te ayiti moun te konn al bisantnè pou al pran ti lè lè ayiti te ayiti yo te konn rele n premye nwa ki trase chemen libète premye nwa ki konjige vèb libere premye nwa ki pote laviktwa nan batay pou libète pèp nwa ki bwòdè ki mache tèt anlè lè ayiti te ayiti ayisyen pa t konn pati al pran imilyasyon lòt peyi lè tout ayisyen va pran konsyans lè ayisyen va reyalize ke blan ap fè yo fè tenten pou divize yo depi digdantan lè yo va reyalize ke blan divize yo yon fason pou toujou kontwole yo lè yo va di blan lavoum ou mèt ban m milyonven mwen p ap touye frè m pou ou lè yo va reyalize derespekte dwa moun p ap mennen ayiti oken kote lè yo va reyalize anbisyon pouvwa fè ayiti fè yon bak desanzan lè yo va reyalize batay pou pouvwa p ap mennen ayiti oken kote lè yo va reyalize anpil lidè k ap pale pa ka menm solisyone yon ti pwoblèm elektrisite lè yo va reyalize egoyis p ap mennen ayiti oken kote lè yo va reyalize envite blan vin okipe yo soudevlope ayiti lè yo va reyalize ke tout ayisyen dwe konn li ak ekri gratis ti cheri lè yo va reyalize fò yo aprann ede youn lòt lè yo va reyalize fò yo aprann envesti lè yo va reyalize fò yo aprann kreye lè yo va reyalize fò yo aprann plante lè yo va reyalize fò yo aprann pwodui pa sèlman konsome lè yo va reyalize fò yo aprann travay pou devlope kominote lè yo va reyalize fò yo aprann rebwaze lè yo va reyalize grate santi pa bay men se metye parese lè yo va reyalize yo chak dwe fè yon bagay pozitif pou ede ayiti vanse lè yo va reyalize kijan zòt ap pase yo nan tenten paske yo pa ka fè anyen lè yo va reyalize koudeta pasipala pa janm regle anyen pou ayiti lè yo va reyalize koupe tèt youn lòt jete nan ravin se babari lè yo va reyalize lonje kwi devan blan tout tan p ap devlope peyi lè yo va reyalize mo demokrasi a kisa li vle di lè yo va reyalize mo lidèchip la kisa li ye lè yo va reyalize nou bezwen lopital klinik ak pwogram sante tout kote lè yo va reyalize nou bezwen bonjan pwogram agrikilti pou ayiti devlope lè yo va reyalize nou bezwen bonjan wout pou konekte tout ayiti lè yo va reyalize nou bezwen lekòl gratis ti cheri nan tout rakwen n ale lè yo va reyalize nou bezwen lekòl teknik pou jèn ayisyen aprann metye lè yo va reyalize nou bezwen lekòl pratik ki p ap soudevlope mantalite lè yo va reyalize ayiti inonde ak mechanste bondye fache lè yo va reyalize prejije sosyal fè ayiti fè bak olye li avanse lè yo va reyalize prizkonsyans se yon medikaman ke tout ayisyen dwe pran lè yo va reyalize se pa ni kapitalis kominis maksis nasyonalis sosyalis teworis k ap sove ayiti lè yo va reyalize se pa oken pati politik ki pral libere ayiti lè yo va reyalize sekrè devlopman ayiti se nan travay ansanm ak travay di sa ye lè yo va reyalize solisyon ayiti se pa nan batay youn kont lòt pou pran pouvwa sa rete lè yo va reyalize travay ansanm nan lapè lanmou respè youn pou lòt se kle siksè lè yo va reyalize viv nan blòf p ap mennen ayiti oken kote lè yo va reyalize yon dal pati politik pèpè se ong koukouy k ap klere pou je lè yo va sispann abize esplwate maspinen meprize pile souse sa ki anba lè lidè ki sou pouvwa va kòmanse respekte lalwa e fè moun pratike sa lè tout moun ki di yo se lidè va fè pwogram pou eklere pèp ayisyen ki nan fènwa lè tout lidè va aprann pèp ayisyen konsève olye yo

dechouke sa yo bezwen lè respè dwa moun p ap vle di respekte dwèt moun men respekte tout moun lè tout ayisyen va sispann rejte kilti ak bagay ki fèt lakay pou vin fyè de tèt yo lè tout va reyalize reyalite sa yo y a va pran konsyans ke solisyon peyi a se nan men yo sèlman li ye epi yo va deside nan ki direksyon yo vle ale si yo ta renmen ayiti devlope tout bon vre lidè ayiti bezwen an youn ki ka kreye yon atmosfè pou sekirite blayi tribòbabò nan peyi a youn ki ka gen dyalòg ak pèp la tanzantan youn ki ka fè pèp ayisyen fyè de tèt yo youn ki ka antann li ak plizyè pati youn ki sousye de kreyasyon wout lopital klinik lekòl atravè peyi a youn ki sousye de edikasyon pwogram alfabetizasyon pou tout moun tribòbabò nan peyi a youn ki sousye de peyizan e ki eseye rezoud pwoblèm yo youn ki sousye de lajenès e ki vle kreye pwogram pou yo youn ki sousye de destriksyon anviwonnman an youn ki pa abize dwazimen nan avantaj li pou kontwole pouvwa youn ki pa kwè nan sakrifis imen pou kenbe pouvwa youn ki p ap pèsekite moun pou kritik yo ak kwayans yo youn ki pa wè pouvwa kòm fason pou anrichi rapidman youn ki pa wè pouvwa kòm opòtinite pou bay zanmi djòb youn ki pa itilize konstitisyon an kòm papye ijyenik youn ki gen yon bèl plan pou devlopman ayiti youn ki gen nan tèt li pwojè enfrastrikti de baz pou peyi a youn ki gen valè moral youn ki pa yon diktatè men yon bon lidè youn ki pa yon popetwèl ki la pou sèvi enterè kèk peyi etranje men ki se yon bon diplomat ki ka pale e tande pou wè sa k bon pou ayiti youn ki ouvè a vrè dyalòg youn ki fyè de fanm nou yo e ki eseye fè yon bagay pou chanje sitiyasyon yo youn ki konn kijan pou jere pouvwa olye li abize l youn ki konn istwa ak kilti peyi a epi itilize konesans sa a nan benefis pèp la youn ki respekte lalwa e ki fè moun obeyi lalwa youn ki respekte dwa chak sitwayen youn ki wè enpòtans yon vrè pwogram agrikilti pou ka dekouraje migrasyon ilegal peyizan nou yo youn ki wè enpòtans dyaspora a epi ki kreye chanèl pou ayiti benefisye toutbon de sous sa a ki pa esplwate youn ki panse rete nan peyi a apre manda l bout dekwa pou l sèvi lidè annapre yo konseye youn ki konprann bezwen peyi a nan tout sans e k ap fè maksimòm travay pou fè fas a yo youn ki valorize edikasyon nan tout sans kòm kle devlopman pou ayiti youn ki valorize resous imèn e ki kòmanse pran avantaj de sa pou benefisye peyi a youn ki montre yon lidèchip ki ka sèvi kòm modèl pou lidè demen yo youn ki gen yon vizyon alontèm pou devlopman peyi a e ki ka sèvi kòm yon eritaj epi youn ki ka ede nou jwenn pèl nou ki pèdi nan listwa dekwa pou n rebatize ayiti *la perle des antilles* litani yon machann adye sòna bon vye malerèz li toujou pase nan zòn lan menm lè a epi malerèz la pa konn l è non chak jou depi dizè fè beng ou tande chante a kòmanse men bèl pwa bè pwa blan pwa frans pwa jòn pwa nwa pwa vèt diri blan diri jòn diri odeveya mayi semak soupoudre tout timoun nan katye a vin abitye ak mizik sa a se tankou yon do re mi fa sòl la si do li toujou repete yo annòd lendèyèlòt pye malerèz la gen yon koulè inesplikab tèlman l pran pousyè nan lari bapedchoz kafoufèy ak soudal venn kou l rèd tankou yon bal tèlman chay la lou sou tèt li kè w fè w mal lè w gade malerèz la k ap monte mòn nelyo byen rapid tankou yon machin k ap pran l an dezyèm pòv malerèz podyab poudi l la toujou ou kwè sòna pa do mouri si w ta mande l si chay la lou li ta ka fache anpil machann pa vle tande moun di sa yo pa vle moun di chay lou yo di pa di sa si gen w zonbi w a fè l pati manman pa ban m tete ankò li lè pou sevre m mwen fè dan mwen ka mòde ou tanpri souple ban m bonjan manje pou m manje mwen bezwen bonjan vitamin pou m kanpe p ap ban m ti jèbè ak ti labouyi nan ti kiyè p ap ban m bwè nan bibon mwen pa tibebe pa pran m pou egare manman tanpri souple pa kontinye ban m tete m wè lèt ou sale li ka ban m vant pase kite m bwè lèt bouyi p ap ban m ti labouyi ou konnen m pa timoun piti manman pa ban m tete mwen kòmanse pale

mantalite lakay mantalite achte konsyans ak kèk grenn dola mantalite anpwazonnen lòt pou nèryen mantalite bay lòt kout poud pou ti krik ti krak mantalite blan ap vin chanje ayiti mantalite blan yo pral pot sinistre pou ede ayiti mantalite bondye bon bagay yo va chanje mantalite chache moun pou parene ti nèg pou esplwate yo mantalite chen manje chen mantalite dechoukay la poko fini mantalite egoyis mantalite fè bèl diskou zewo fot an franse epi anyen mantalite fè jako repèt lekòl san aprann panse ni kritike mantalite fè lòt tounen zonbi pou travay kòm esklav mantalite JMM (jan l monte l monte) mantalite JPP (jan l pase l pase) mantalite kalewès epi ret tann chanjman mantalite ki bò ou rete nan pòtoprens mantalite ki siyati w mantalite kibò ou te lekòl mantalite kilès ki fanmi w mantalite koudeta tout tan pou pran pouvwa mantalite kraze ayisyen pou fè wout pou blan mantalite kraze pou reye mantalite lespri koridò mantalite m ap ba w kout lang pou m monte mantalite m ap rale w desann si w ap eseye monte mantalite m pa t nan men m lekòl ak ou mantalite m pase nan gran inivèsite lòtbò dlo mantalite mwen pa kanmarad ou mantalite mwen pa moun lamas mantalite mwen pa nan ran ou mantalite mwen se moun lelit mantalite ou pa gen diplòm donk ou nil mantalite ou pa konn pale franse mantalite ou pa moun lavil mantalite ou pa t fè gwo klas mantalite ou se moun andeyò mantalite pa m pi bon mantalite pale anpil epi epi anyen mantalite pale franse vle di lespri mantalite plenyen pwoblèm tout tan men san fè efò mantalite pran fwomaj pou lanin mantalite pran kaka poul pou ze mantalite rayisab mantalite restavèk mantalite sa k sot aletranje pi bon mantalite sa w panse w te ye mantalite san diyite mantalite se konsa m leve m jwenn bagay yo mantalite se lè m sou a mwen te rankontre w mantalite soulye peyi chire chosèt mantalite tann blan vin fè mantalite tann kwi devan blan mantalite tchoul blan mantalite tout moun sou blòf mantalite tout voum se do mantalite vann frè ayisyen ak blan pou jèm pistach mantalite y ap voye ban mwe montre m pito pechè m abitwe ak ou pa fè m kado ti grenn chak kou ou sèmante pou pa montre m peche ou refize montre m ranje privye ou ban m al plen kalbas men ou pa montre m tann nas ou mennen m al achte men ou pa montre m plante pechè p ap ban m ti grenn chak jou men montre m kenbe tou pechè p ap ban m sèlman al plen kalbas men montre m tann nas pechè p ap annik mennen m nan mache men montre m plante nan pwovens vakans rive ann al nan pwovens pa kite timoun yo ap kalewès nan pòtoprens voye yo nan pwovens pou al konnen tout fri ki gen nan peyi d ayiti tout lekòl lavil dwe al an pwovens ak elèv yo pou yo konnen vrè kilti peyi d ayiti kouman moun yo pale kouman yo konpòte vakans an pwovens se bèl bagay se lè sa a pou al bwè kokoye ole pou al peche al fè lachas fòk nou al an pwovens pou n al manje mayi ak zaboka mi fè lago nan dlo ak timoun yo nou p ap rete lavil la fè chalè pa gen dlo pou lobe nou pral an pwovens pou n al tire kont sole kouche anba tonèl lè lalin ap klere nou pral monte bourik galope chwal mache nan lawouze nou pral wè peyizan k ap sekle kouman y ap plante kouman y ap travay pou yo ban nou manje nou pral an pwovens pou wè konbit k ap travay moun k ap fè kòve bann rara k ap danse ak anpil lòt aktivite pèp ayisyen an 1990 apre trantan tèt chaje sankatrevensis rekòt kafe bourik travay bay chwal garyonnen abraram di sètase pèp la panse klòch libète te sonnen li te gen yon bèl espwa nan fèy papye listwa li panse tout panzouyis yo te konvèti li panse lavalas te netwaye tout kras sèz desanm te plante lajwa nan kè l li te fete yon bèl nwèl li te pran sant yon demokrasi yo tout te ini pou netwaye fè pwòpte tout kote zòt de di apre dans tanbou lou men pèp la te di men anpil chay pa lou malgre tout difikilte li te leve kanpe magouyè te boude lè yo wè pèp konn sa yo vle o o jwèt mele tout bon vre kandida magouyè t ap eseye achte konsyans pèp ak lajan jan sa te konn fèt avan tout magouyè te pè tèlman pè a

te popilè pèp la bay ekzamen final la jou sèz desanm nan peyi a yon sèl elèv pase tout lòt yo koule peripesi yon ti pèp nwa pèp ki soti depi lafrik e ki ateri amerik yo ki kase chenn lesklavay pou ka fini ak yon gwo tray pèp nwa ki premye fè listwa zòt te di se yo k pot sida y ap lage pichon dezinyon men fò nou pa pran nan presyon pitit ak manman adoktif li pitit manman sa a te adokte ou men ou konn vrè manman ou yon lòt te adokte ou byen lontan men yo toujou gen yon rezon yon timoun pa ka gen de manman an menm tan ti minè timoun adokte timoun gate e ki konplètman esplwate gade frè ou yo kounyeya van bwote yo timoun adoktif yo te konn respekte lontan ini nou kounyeya poukisa se ayisyen premye pèp nwa endepandan nan lemonn premye pitit ewòp ak afrik poukisa ou kote ou ye a kounyeya poukisa se sou do ou yo lage tout chay poukisa frè m yo ap mouri nan dlo poukisa y ap maltrete yo gwanntanamo poukisa se nou yo di ki pote sida poukisa yo pa vle san nou san nou ki te koule pou bay lòt libète poukisa se ayisyen yo meprize poukisa se nou yo bay vye chay pote pòv k ap mande nan pòtoprens yo bò koridò marengwen w ap wè pòv yo nan tout rakwen w ap wè yo nan zòn bwavèna si w al mache anba yo grangou yo bezwen manje se rezon ki fè y ap mande ak yon ti kwi kenbe nan men y ap mande moun tout lajounen premye ak dènye li te premye pitit afrik e kounyeya yo konsidere l kòm dènye an amerik li te gen kat las yo nan men l li te genyen premye fwa a se te yon sipriz pou ènmi l yo kounyeya y ap moke l paske yo te viktim yon lè e yo sonje viktwa sa a ankò istwa inoubliyab sa a toujou ba l espwa malgre yo konsidere l kòm dènye se li k te premye prestasyon sèman prezidansyèl vyèy altagras pete 2 je nan tèt mwen mwen sèmante devan nasyon an e devan tout moun pou sèvi ak konstitisyon an kòm papye ijyenik pou derespekte l an premye epi fè lòt sanzave derespekte l tou pou yo derespekte dwa pèp ayisyen an epi pou nou travay nan dezinyon dekwa pou peyi a kontinye fè bak pou ranfòse lokipasyon pou dezonè yon ti nasyon sendenden ou menm ki patwon tout magouyè raketè souflantyou vendèdpeyi ou va ban m kouray ak sajès pou gouvène de fason pou seche kès leta a yon lòt jan epi pou m foure tout patnè n yo nan yon bon pozisyon priyè delivrans pou ayiti ou menm ki wa tout wa letènèl ou menm ki ka kraze tout kè wòch ak mato espirityèl ou ou menm ki gen pouvwa deplase tout montay ou menm ki te bay pèp izrayèl pouvwa travèse lamè wouj apye sèk ou menm ki te bondye depi plizyè syèk bondye jodiya bondye demen e pou tout tan ou menm ki bondye ayiti cheri tou mwen leve ti moso tè sa a devan ou mwen vle konsakre li a ou menm ou gen tout pouvwa pou chanje ti peyi sa a konplètman nan moman sa a papa mwen parèt sou entènèt la pou enplore sekou w pou ayiti manman nou pase penso padon w sou tout zak malonnèt ki fèt sou tè sa a kraze tout kontra dyab ki mare sou tè sa a depi epòk lolonyal dekwa pou n kòmanse debleye teren an pou premye janvye 2004 touche kè pèp sa a papa pou l konnen se ou ki premye lidè a ou menm ki jeneral pi gwo lame nan syèl la kou sou latè papa mwen leve tout magouyè politisyen devan w nan moman sa a ou konnen plan yo deja pou simen latèrè ak dezinyon nan peyi a paske pèp la gentan ba yo kanè yo ajoune pèp la montre l vle mache nan chemen delivrans lan kenbe men l nan wout glise l gen pou l travèse ou va beni seyè tout peyi sou latè ki pral lonje lamen bay ayiti apre 7 fevriye 2001 beni tout travay ki gen pou fèt nan benefis pèp la ak peyi a mwen leve tout eli yo devan w ou va ba yo sajès ou te bay salomon pou gouvène touche kè tout moun ki gen mwayen yo pou ede sa k pa kapab yo touche kè yo pou kolabore nan devlopman peyi a pou prestij tout ayisyen miltipliye benediksyon w sou tout moun ki va ede ayiti ale vè lavan ban nou kouray seyè pou n mare ren nou pou n aprann travay di pou n pa lonje kwi devan pesonn mwen leve tout lidè magouyè lòtbò dlo devan ou k ap prepare plan pou al

bloke ayiti men seyè ou konnen nou se yon pèp tilandeng ou va toujou limen chandèl rezistans lan nan nou menm pou kwape tout move zangi pou koupe grif tout malfini k ap pwoche pre nou mwen leve tout magouyè opozan zenglendo atoufè devan w nan moman sa a yo tout se pitit ou papa menm jan ou pa ta renmen wè okenn mal pou yo m ap priye w pou touche yo nou konnen w pre pou padone yo si yo ta pran konsyans eta peche yo anvan l twò ta se kri kè mwen pou ayiti nan syèk tounèf la nan non pitit ou frè nou jezikri ou bay tout pouvwa nan syèl la kou sou latè avoka pa ekselans ki toujou bò kote ou k ap entèsede pou nou ensiswatil refleksyon sou onz septanmyon kout chapo pou tout kretyen vivan ki te tonbe anba bal sanmanman yon kout chapo pou fanm vanyan yon kout chapo pou gason kanson ki te viktim de malveyan anba kout kouto nan legliz sen jan bosko se yon dat enpòtan pou tout ayisyen konsekan pou fè yon refleksyon nou pa bliye san inosan ki te koule nou sonje brasa wouj yo ki merite jije e kondane yo ka kraze brize yo ka boule yo ka touye pitit bondye yo ka ponyade moun konsekan pou eseye fè lòt pantan men sa p ap sispann lit la vanse paske pèp souvren an p ap dòmi li la ap veye reken yo kontinye ap fete reken yo kontinye ap fete pou frè m yo y ap manje kè yo kontan pou nouriti yo jwenn tout tan yo kontinye ap fete paske frè m yo kontinye ap vwayaje se pa vle yo vle men fò n gade nan ki sitiyasyon yo ye reken yo kontinye ap fete paske yo toujou jwenn manje yo konnen frè m yo pral gwanntanamo yo pa janm di yon mo frè m yo kontinye ap pati paske yo pa gen peyi reken yo toujou jwenn manje paske frè m yo toujou ap deplase reken yo toujou jwenn lanouriti paske frè m yo kontinye ap mouri reken yo kontinye ap fete pou frè m yo y ap manje revè 1986 pèp la panse li te delibere li panse l te delivre poutan li te mal kalkile li te mal panse li panse li ta pral mache epi l sot tonbe li panse sèt fevriye t ap ba l libète men okenn ènmi pa t ap dòmi li panse l ta pral respire men pi devan li al toufe li jwe katrevensis nan lotri epi swasantuit soti pèp la panse tout bagay te fini tandiske te plen malfini li panse l te sevre epoutan l te nan tete apre sa bèl konstitisyon ekri pou fè plis tilititi pèp la te kontan li vle respire men l ap sivoke rèv mwen pou demen douvanjou n se rèv demen ki dwe plòtonnen nan konbit tèt ansanm mizè ayè n va sèvi fèy papye listwa pou korije devwa demen nawè n va sèvi plim ak lank pou kouche sou papye zègrè n nan manje ayè pou jenerasyon k tou piti ak sa k gen pou wè premye solèy lavi apre bonnèt ventyèm syèk chavire n a kontinye met angrè ak fimye nan pepinyè ginen yo pou kontinye bay bon rekòt n a sekle raje zigzani lògèy ak egoyis nan jaden nou pou n simen plan lanmou dekwa pou rebwaze lakay ak bèl flè peyi rèv pou yon manman an danje bonjou manmi se youn nan pitit ou yo k ap salye w se ou menm wi m vin wè kouman w ye hey manman se dat mwen pa wè w pale m de ou non sò sa w fè de bon se ou menm sa apa m wè w defigire nèt kòmè manman se anndan kè m pou ta ye pou ta wè jan m t ap panse a ou apa m wè w ankò hey mezanmi ayiti toma m nan se pa ti sezisman m te fè non lè m te pran nouvèl kadejak malandren nan lame ansanm ak politisyen rat do kale te fè sou ou manmi cheri se ak dlo nan je lè m te tande valè nan pitit ou yo panzouyis te touye mezanmi bon poudi se nan vant ou asasen sa yo te soti manmi pitit ap vyole manman hey sa grav kote sa soti letènèl kòmè apa m wè w ankò se pa ti sezisman m te fè non lè m te pran nouvèl sa a kay blan yo m pa t santi m atè ni anlè machwè m te sere tankou yon timoun ki bwè esans se yon grenn sèl mwen te met anba lang mwen ak yon ti kafe m kouri bwè domaj mwen pa t ka jwenn vèvenn pou ta fè yon te pou sezisman se ou manmi apa m wè w ankò se mwen k konnen jan m te anvi wè w cheri apre ventan m fè ap viv nan peyi fredi manmi cheri pwoche non pwoche m bo w mezanmi se ou menm sa pwoche non pwoche m manyen w se pitit ou wi ou pa bezwen

pè m kèlkeswa jan w ye se manman m w ap toujou ye mwen pa janm pè di se ou k manman m kèlkeswa kote m pase mezanmi manmi apa tout rad ou chire tout kò w plen pousyè fatra nan tout kwen kay ou manman cheri m nan se nan ka sa a ou ye anmwey anmwey anmwey vin ede m sekouri manman m ki an danje men m wè l tonbe nan koma anmwey anmwey prete m yon telefòn pou m fè yon kout fil ijans prese prese pase m yon telefòn ban mwen l prese vit alo o alo o o apa se yon operatè etranje ki reponn alo o *hello please* silvouplè mwen ta renmen fè yon kout fil entènasyonal yès entènasyonal pase m operatè dizyèm nan silvouplè wi dizyèm ijans emèjennsi yès mwen se pitit sò ayiti wi prese vit di tout timoun li yo mwen te fè yon rive wè manman m granmoun nan byenmal ba yo nouvèl la tande eta sante l grav mwen pa ka pale di yo prese fè kou yo konnen pou desann pou vin bay granmoun nan swen ou tande m wi ba yo tout nouvèl la pou mwen rete sou liy lan poko ale wi di tout pitit ayiti k ap viv nan dizyèm nan sa pou kouri fè yon antre pa bò isit pou yo vin pote kole pou sove granmoun nan menmsi yo pa rete lontan di yo desann kanmèm pa bliye non ba yo mesaj la alo o alo o ekri sa m di w la wi wi ba yo tout nouvèl la pou mwen rele miyami pou fè jan mapou ak moriso lewa konn sa rele pari pou di jan metelis ak rene depès sa rele boston tousuit pou radyo liberasyon ak vwa lakay bay nouvèl la rele monreyal pou di keslèbrezo sa pa fè reta non rele yo kounyeya pou simaye nouvèl la mèsi anpil m ale respè pou fanm ayiti tonma gade pinga pinga nou maltrete yo pinga nou joure yo fè kè yo kontan menm lè y ap travèse moman nwa pinga pinga nou fè yo fache pa eseye gen dyòl long ak yo respekte yo fanm ayiti tonma yo se bondye ki ban nou yo ann gade yo ak konsekans ann apresye yo ann ede yo gade pinga pinga nou abize yo respekte yo ann respekte tout fanm ayiti tonma tanpri souple pa minimize yo pa meprize yo gade pinga pinga nou dezapresye yo toujou ede yo leve vwa yo pou demokrasi boujonnen pou yo respekte yo gade pinga pinga nou abandone yo kèlkeswa peyi n pase ede yo y ap kontan y ap fyè dèske yo se fanm ayiti tonma pa fè yo fache se pou nou miyonnen yo respekte yo se kreyòl mwen pale mèsi papa bondye dèske se kreyòl mwen pale ala bèl lang sa a bèl mwen di sa m panse ladan san tèt grate mwen pa gen okenn vèb pou m konjige okenn sibjonktif m ap anplwaye pa gen fè tilititi pou blofe pitit natifnatal yon peyi mèsi papa dèske se an kreyòl mwen panse mèsi dèske m fèt sou tè d ayiti kote lang sa a soti lang yon dal gwo ewo te pale tousen desalin kapwa lamò anri kristòf chalmay peral yo tout te pale kreyòl se nan lang sa a yo te kominike pou yo te ban m libète yon lang ki pa lang vini lang kolon yo ta renmen detwi men m p ap boukante lang mwen an pou lang ki soti lòt kontinan mwen p ap fè boukantay pou okenn bagay zafè sila yo ki renmen esklavay fòk se li pou m pale se nan li pou m reve se li m pi renmen se li ki san mwen kreyòl se nanm mwen nenpòt ayisyen ki ta meprize lang sa a pa yon vrè kreyòl se pa yon vrè natifnatal peyi d ayiti son w ti sousou lòt peyi yon sousoubrake k pa gen kote pou l rete yon reskiyè k toujou ap tann kras manje yon moun ki san diyite ki pa konn sa l ye sezon wouj sezon sa a sot ravaje pèp mwen an yon pèp k ap karese espwa yon demokrasi apre plis ke trantan anprizone sezon sa a ki eseye touye espwa 16 desanm nan frape tout moun ki reve yon demokrasi tou nèf men sezon sa a pa la pou lontan sezon wouj se yon sezon kote magouyè gen pouvwa a men yo pa gen otorite wi yon pouvwa tanporè kote y ap rejwi yo gen pouvwa pou touye inosan pou fabrike ak men wouj yo yon fòm de demokrasi yon demokrasi ki pa gen okenn rapò ak demokrasi 7 fevriye 91 lan van sa a ki sot soufle a paralize anpil aktivite li pouse pèp la pou l al viv nan kache e li pa ka esprime panse l nan tout peyi a ou ka wè yon larivyè san ke sezon sa a kite poukisa se jis pou yon chwa wi chwa 16 desanm 90 sezon sa a pèmèt

pèp ayisyen an pou l demaske tout madigra ki bloke wout demokrasi a li pèmèt li wè tou vrè patriyòt k ap lite pou yon lòt ayiti si m te m ta si m te desalin m ta libere ayiti ankò si m te tousen m ta reekri istwa d ayiti si m te wa kristòf m ta rebati ayiti si m te kapwa lamò m ta tonbe m leve epi m kontinye ap galope si m te chalmay peral m ta fyè m ta kontinye mache bwòdè m ta tankou yon zetwal k ap briye kote ki pa klere m ta mache chalmayperalteman ak kè kontan san m pa pantan malgre tout touman tout vye pikan si m te ka rekolonize ayiti m ta fè l tounen yon paradi m ta simen plan lanmou toupatou m ta fè pepinyè lanmou pou al plante lòt kote si m te ka rekolonize ayiti m ta repran fyète desalin ak tousen te pote zòt t ap respekte m li pa ta meprize m si m te chèfseksyon nan yon seksyon m ta aji byen ak peyizan epi tout t ap kontan si m te militè m ta mache tèt anlè pèp la pa t ap wè m kòm ènmi men yon zanmi k ap pwoteje l ki p ap tire l si m te ka reekri istwa d ayiti ala pawòl mwen ta di tande kri peyizan yo grangou pa dous grangou ap touye nou yo vòlè tè nou pri manje monte bwa lapli pa tonbe nou bezwen ponp dlo pou wouze tè yo peyizan yo ap pati pral lòt peyi yo kouri dèyè yo lòt bò dlo epi yo kontinye ap pran dlo men se pa fòt yo krim tribòbabò nan yon peyi fòk nou rebati ayiti fòk mizè ak krim fini ayiti te kwè nou tout se ayisyen yon pòsyon pa jwenn lòt pòsyon gonfle genyen ki gonfle chak jou gen lòt k al dòmi grangou ou mal bat kat la ou kenbe tout bon zèl yo rebat li pou mwen mwen pa nan koken brase chodyè a l ap bouyi yon sèl bò separe manje a separe l ankò yon pòsyon pa jwenn nou tout se frè ann eseye viv an pè pa pete m sispann blofe m ann pale ann diskite nou tout fèt menm kote ann chita pou n pale gade m ap penpenyen epi n ap byen mennen n ap manje van plen epi m ap mouri lafen n ap avanse epi m ap rekile n ap naje epi m ap koule te kwè se frè nou ye te kwè nout tout se ayisyen trantan anprizone trantan anprizone abraham di sètase frè m yo pa dekouraje lè ou sonnen pou kase chenn sa yo ki te mare ou tout kote konbyen ke ou soufri konbyen ke ou lite pa dezespere lè delivrans lan sonnen priyè ou ekzose soti nan yon kacho byen cho transpòtasyon an ayiti yon sektè k pa janm kontwole aksidan kote ou pase leta pa janmen di anyen se kòmsi vi moun pa anyen plen enjenyè ki diplòme menm kannal yo pa ka fouye vwa pou konstwi wout devlopman san ke yo pa rele yon blan vote ak konsyans alo ayiti cheri alo o wi se mwen wi pitit ou nan dyapora a wi se yon long distans se yon mesaj mwen gen pou ou di pèp la al vote jou eleksyon di l pa panike al vote jan l pase l pase pa rete andedan kay di yo al ranpli devwa sivik yo jou sa a fòk nou vanse kote n rive a di yo vote demokratikman cheri di yo pa vote kandida pou kleren vote ak konsyans vote yon kandida yo panse ki kapab pote yon chanjman vote yon kandida ki kapab travay pou byennèt ayisyen vote yon kandida ki gen mwens twou nan manch di yo fè sa ak lòd cheri suiv lòd ofisyèl yo ak lapolis jou sa a pou montre yo sivilize pa fòse yon moun vote yon kandida jis pou pwomès vote dapre bon jan enfòmasyon yo genyen de kandida a youn yo panse ki ka fè yon diferans tande bòn chans a kandida ki va monte a jan l monte l monte pa bliye se prezidan tout ayisyen (kapitalis kominis (fo vrè) maksik (fo vrè) opòtinis pòv rich sosyalis (fo vrè) li pral ye tout se pitit sò ayiti ki renmen yo malgre jan yo ye donk ou va di l fè tout posib li pou fè yo travay ansanm dekwa pou sove lonè lapatri di yo al vote jou vòt la toutoun oke m ale cheri vote ak konsyans alo ayiti cheri alo o wi se mwen wi pitit ou nan dyapora a wi se yon long distans se yon mesaj mwen gen pou ou di pèp la al vote jou eleksyon di l pa panike al vote jan l pase l pase pa rete andedan kay di yo al ranpli devwa sivik yo jou sa a fòk nou vanse kote n rive a di yo vote demokratikman cheri di yo pa vote kandida pou kleren vote ak konsyans vote yon kandida yo panse ki kapab pote yon chanjman vote yon kandida ki kapab travay pou

byennèt ayisyen vote yon kandida ki gen mwens twou nan manch di yo fè sa ak lòd cheri suiv lòd ofisyèl yo ak lapolis jou sa a pou montre yo sivilize pa fòse yon moun vote yon kandida jis pou pwomès vote dapre bon jan enfòmasyon yo genyen de kandida a youn yo panse ki ka fè yon diferans tande bòn chans a kandida ki va monte ajan l monte l monte pa bliye se prezidan tout ayisyen (kapitalis kominis (fo vrè) maksik (fo vrè) opòtinis pòv rich sosyalis (fo vrè) li pral ye tout se pitit sò ayiti ki renmen yo malgre jan yo ye donk ou va di l fè tout posib li pou fè yo travay ansanm dekwa pou sove lonè lapatri di yo al vote jou vòt la toutoun oke m ale cheri]